

Pou Piblikasyon Imedya: 31/07/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 187 MILYON DOLA FINANSMAN POU RANFÒSE AK PREZÈVE AKSÈ A SWEN SANTE BON JAN KALITE

25 prim sibvansyon sa yo pral soutni sèvis swen esansyèl yo nan Eta New York

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse 187 milyon dola finansman pou soutni 25 pwojè nan eta a ki pral pwoteje ak transfòme sistèm swen sante Eta New York la. Finansman sa a ki soti nan Pwogram Transfòmasyon Etablisman Swen Sante nan Eta a (Statewide Health Care Facility Transformation Program), pral amelyore swen pou pasyan yo atravè devlopman bon jan kalite etablisman medikal ak pwogram k ap ofri sèvis pou pasyan ki entène yo, swen medikal, swen mantal, swen pou abi dwòg ak alkòl ak swen alontèm kominote yo bezwen toupatou nan Eta a.

"Pandan administrasyon federal la ap kontinye kanpay li an k ap dire plizyè ane pou redui pwoteksyon swen sante esansyèl, n ap pase a vitès siperyè nan angajman nou an pou nou garanti Nouyòkè yo jwenn swen kalite siperyè ak bon mache yo bezwen yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Investisman sa yo pral kontinye bati yon enfrastrikti swen sante modèn, dirab epi konplètman entegre ki santre sou amelyorasyon byennèt tout Nouyòkè."

"Aksè ak swen sante bon jan kalite, abòdab se yon dwa moun fondamantal", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** "Investisman sa a pral amelyore aksè a epi pote plis sèvis pou amelyore swen pasyan yo ak bezwen alontèm kominote yo. Pandan gouvènman federal la ap kontinye atake dwa a swen sante a, n ap angaje nan sante ak byennèt tout Nouyòkè yo."

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou 25 founisè swen ki resevwa prim sibvansyon sa yo ak finansman espesifik yo te akòde yo ak detay sou pwojè ki resevwa prim yo, klike sou reyon annapre yo:

Rejyon	Kantite Lajan ki te Akòde
Rejyon Kapital	17.4 milyon dola
New York Santral	5.8 milyon dola
Finger Lakes	22 milyon dola
Long Island	17.9 milyon dola

Mid-Hudson	58.6 milyon dola
Mohawk Valley	6.3 milyon dola
Vil New York	15.4 milyon dola
North Country	21.5 milyon dola
Southern Tier	11.5 milyon dola
Rejyon Lwès New York	10.7 milyon dola

Yo te akòde premye tou finansman an konfòmeman a yon amannman nan Bidjè Eta 2019-20 pou Pwogram Transfòmasyon Etablisman Swen Sante nan Eta a, ki te otorize Depatman Sante a (Department of Health) rezève jiska 300 milyon dola nan 525 milyon dola fon Pwogram Transfòmasyon Etablisman Swen Sante a ki te otorize nan Bidjè ki te Pwomilge pou 2018-19 la pou soutni aplikasyon pwojè ki pa t resevwa sibvansyon pandan tou finansman ki te fèt anvan sa a yo te anonse an [Fevriye 2019](#). Sibvansyon sa yo kontinye angajman Eta a pou li prezève ak elaji sèvis swen sante esansyèl nan kominote yo toupatou nan Eta New York. Yo pral anonse lòt sibvansyon nan mwa k ap vini yo. Y ap pibliye apèl a demann yo pou pwochen tou Pwogram Transfòmasyon Etablisman Swen Sante a pi ta ane sa a.

Depatman Sante a ak Otorite Dòtwa Eta New York la (Dormitory Authority of the State of New York, DASNY) ap jere pwogram lan, epi yo pral ede soutni Pwogram Prim Ankourajman pou Refòm Sistèm Sèvis la (Delivery System Reform Incentive Program). Objektif Pwogram Prim Ankourajman pou Refòm Sistèm Sèvis la se pou yo redwi depans swen sante epi amelyore rezilta swen sante Nouyòkè yo gras a elajisman aksè a sèvis swen pou pasyan ki entène yo, swen primè, swen prevansyon ak lòt swen pou pasyan ekstèn yo nan kad sistèm swen sante entegre onivo rejyonal yo. Objektif prensipal Pwogram Prim Ankourajman pou Refòm Sistèm Sèvis la se pou yo redwi vizit lopital yo ka evite yo a 25 pousan avan 2020. Prim sibvansyon yo pou Pwogram Transfòmasyon Etablisman Swen Sante nan Eta a konsantre tou sou pwojè ki pral ede garanti dirabilite finansyèl pwofesyonèl swen sante ki sèvi kòm filè pwoteksyon yo, ak prezèvasyon oswa agrandisman sèvis swen sante esansyèl yo, pami yo swen entegre ak sante konpòtman.

Komisè Depatman Sante Eta, Doktè Howard Zucker, te deklare, "Sou lidèchip Gouvènè Cuomo, Eta New York rete angaje nan garanti kolaboratè nou yo nan swen sante gen resous ki nesèsè yo pou pi byen entegre ak modènize sèvi swen sante yo bay pasyan toupatou nan Eta a. Gras a envestisman sa yo, nou pral kontinye modle ak amelyore swen sante pou jenerasyon k ap vini yo".

Gerrard P. Bushell, ki se Prezidan ak PDG DASNY te deklare, "New York se yon sant ekselans nan swen sante, epi DASNY fyè soutni motè endistriyèl sa a pandan l ap kontinye inovè - ap amelyore rezilta pasyan yo epi pouse ekonomi nou an. Lè n envesi nan swen bon kalite, bon mache, n ap bati kominote ki pi djanm, pi an sante".

Doktè Ann Sullivan, ki se Komisè Biwo Sante Mantal (Office of Mental Health) Eta New York la, te deklare, "Sibvansyon yo Gouvènè Cuomo anonse jodi a pral ede garanti Nouyòkè ki gen plis risk viktim yo k ap viv avèk maladi mantal, pwoblèm toksikomani ak lòt pwoblèm swen sante jwenn tretman ak sèvis kalite siperyè. Gouvènè a ap transfòme, agrandi epi amelyore sistèm swen sante Eta a nan avantaj tout Nouyòkè yo".

Komisè Biwo pou Sèvis Alkolis ak Toksikomani an (Office of Alcoholism and Substance Abuse Services), Arlene González-Sánchez te deklare, "Ofri sèvis pou pwoblèm toksikomani se yon pati vital nan sekans swen an nan Eta New York. Finansman sa a pral ede elaji ak amelyore sèvis enpòtan sa yo plis, epi kontinye vanse misyon Gouvènè Cuomo a pou li fè New York vin yon lidè nan domèn swen sante a".

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)